

MODEL PANGAJARAN KAPARIGELAN NULIS

MAKALAH

didugikeun dina pelatihan mata pelajaran Mulok Bahasa & Sastra Sunda pikeun Guru SD



ku

Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA
2008

MODEL PANGAJARAN KAPARIGELAN NULIS

Dina ieu tulisan diebrehkeun dua hal: (1) standar kompetensi jeung kompetensi dasar pangajaran nulis pikeun SD jeung (2) model pangajaran nulis pikeun SD. Mudah-mudahan dina pelatihan ieu bisa ngahasilkeun rupa-rupa model pangajaran nulis anu leuwih inovatif, nepi ka pangajaran nulis anu aktif, kreatif, efektif, tur *menyenangkan* bisa kahontal.


I. Standar Kompetesansi jeung Kompetensi Dasar Nulis pikeun SD

Kelas	Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
I	1.4 Mampu menulis atau menyalin huruf lepas, suku kata (<i>engang</i>), dan kalimat sederhana	1.4.1 Menyalin huruf lepas 1.4.2 Menyalin suku kata 1.4.3 Menyalin kata dwisuku 1.4.4 Menyalin kata trisuku 1.4.5 Menyalin kalimat sederhana
II	2.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dengan menulis, menyusun, dan menyempurnakan kalimat, serta menyalin paragraf pendek	2.4.1 Menulis kalimat berhuruf kapital 2.4.2 Menulis/menyalin kalimat sederhana 2.4.3 Menyusun kalimat sederhana 2.4.4 Menyempurnakan kalimat dengan menggunakan tanda koma dan tanda titik 2.4.5 Menyalin paragraf pendek
III	3.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menulis kalimat dan paragraf pendek	3.4.1 Menulis kalimat berita (<i>kalimah wawaran</i>) 3.4.2 Menulis kalimat luas (<i>kalimah jembar</i>) 3.4.3 Menulis kalimat tanya (<i>kalimah pananya</i>) 3.4.4 menulis kalimat perintah (<i>kalimah parentah</i>) 3.4.5 Menulis paragraf pendek dengan menggunakan ejaan

IV	4.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis melalui menulis pengumuman, pengalaman, narasi, deskripsi, dan eksposisi	4.4.1 Menulis pengumuman 4.4.2 Menulis pengalaman 4.4.3 Menulis narasi 4.4.4 Menulis deskripsi 4.4.5 Menulis eksposisi
V	5.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam menyusun paragraf, meringkas bacaan, menulis surat, narasi, deskripsi, dan eksposisi	5.4.1 Menyusun paragraf 5.4.2 Meringkas bacaan 5.4.3 Menulis surat 5.4.4 Menulis narasi 5.4.5 Menulis deskripsi 5.4.6 Menulis eksposisi
VI	6.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan secara tertulis dalam mengisi formulir, melengkapi karangan, menulis kejadian, berita, riwayat hidup, dan pidato	6.4.1 Mengisi formulir 6.4.2 Melengkapi karangan 6.4.3 Menuliskan kejadian 6.4.4 Menuliskan berita 6.4.5 Menulis <i>riwayat hirup</i> 6.4.6 Menulis pidato (<i>biantara</i>)

II. MODEL PANGAJARAN NULIS DI SD

Kelas V / Semester 2



a. MATERI POKOK

Kompetensi Dasar	Materi Pokok	Hasil Belajar	Indikator Pencapaian Hasil Belajar
5.4.5 Paragraf Deskripsi	Nulis Paragraf Deskripsi	Murid bisa nulis paragraf deskripsi	Murid bisa ngagambarkeun kajadian anu pikaresepeun dina buku harian.

b. URAIAN

Mata Pelajaran	:	Bahasa Daerah/Sunda
Satuan Pendidikan	:	SD
Kelas/Semester	:	V/2
Alokasi Waktu	:	2 jam pelajaran

Kompetensi Dasar	Paragraf deskripsi
Materi Pokok	Nulis paragraf deskripsi
Hasil Belajar	Murid bisa nulis paragraf deskripsi
Indikator Pencapaian Hasil Belajar	Murid bisa ngagambarkeun kajadian anu pikaresepeun dina catetan poean.

LENGKAH PEMBELAJARAN

Apersepsi (5-10%)

- Guru nitah murid nitenan kaayaan kelas.
- Guru ngajukeun sababaraha pertanyaan anu bakal nungtun siswa nerangkeun/ngagambarkeun kaayaan kelasna kalawan gemet.
 - (1) Sabaraha meter legana kelas ?
 - (2) Kaasup lega atawa henteu eta rohangan kelas teh ?
 - (3) Naon sababna disebut lega ?
 - (4) Naon sababna disebut henteu lega (hareurin) ?
 - (5) Di mana ayana bor ?
 - (6) Kumaha kaayaan bor ?
 - (7) Naon deui nu aya di hareupeun kelas ?
 - (8) Kumaha kaayaan di gigir kelas ?
 - (9) Naha aya jandelaan ?
 - (10) Bisa dibuka atawa henteu jandelana ?
 - (11) Lamun henteu bisa dibuka, kumaha pangaruhna kana hawa di jero kelas ?
 - (12) Kumaha kaayaan kelas di beh tukang ?
 - (13) Aya naon bae di dinya teh ?
 - (14) Kumaha kaayaan kelas di beh gigir hiji deui ?
 - (15) Di mana ayana panto ?

- (16) Kumaha kaayaan kelas di beh tengah ?
- (17) Aaya sababaraha meja tulis ?
- (18) Aya sabaraha korsina (bangkuna) ?
- (19) Naha hidep ngarasa genah diuk di tempat diuk hidep ?
- (20) Naon sababna ?
- (21) Kumaha kaayan lalangit kelas ?

- Murid sacara bagilir ngagambarkeun kaayaan kelasna dumasar kana pertanyaan-pertanyaan guru.
- Kalayan dibingbing ku guru murid dititah nyindekkeun kaayaan kelas dumasar gambaran-gambaran murid kana pertanyaan-pertanyaan guru tadi. (Upamana , kacindekanana teh kaayaan kelas pikabetaheun).
- Eta kacindekan teh dijadikeun kalimah topik.

Kaayaan kelas pikabetaheun.

- Eta kalimah topik tuluy dimekarkeun ku kalimah-kalimah pangjentre anu dicokot tina katerangan-katerangan dumasar kana pertanyaan-pertanyaan anu diajukeun ku guru.

Eksplorasi (25-30%)

- Murid ditawarkan milih topik karangan deskripsi (bisa ngagambarkeun tempat nu aya di sabudeureun sakola).
- Murid milih puseur panitenna dumasar kana hal nu dipikaresep ku manehna.

- Sanggeus nagtukeun topik karangan (upamana, ngeunaan kaayaan perpustakaan sakola), murid ngajukeun sababaraha pertanyaan. Upamana saperti kieu:
 - (1) Sabaraha meter ukuran perpustakaan sakola ?
 - (2) Kumaha kaayaan tempat macana ?
 - (3) Kumaha babandingan kaayaan tempat maca jeung lobana murid eta sakola ?
 - (4) Kumaha kaayaan bukuna ?
 - (5) Kumaha kaayaan lalangitna ?

- Murid ngajawab lima pertanyaan anu dijieunna. Upamana jawaban murid saperti kieu :
 - (1) Ukuran perpustakaan sakola 3x3 meter.
 - (2) Tempat maca aya opat meja jeung dalapan korsi.
 - (3) Babandingan korsi tempat maca jeung lobana siswa nyaeta 8 : 1500.
 - (4) Bukuna saeutik pisan.
 - (5) Lalangitna dahdiran -- urut hujan.

- Murid nyindekkeun kaayaan perpustakaan dumasar kana katerangan anu kapanggih. Upamana, kacindekanana kaayaan perpustakaan sakola kuring pikawatireun).

Konsolidasi Pembelajaran (35-40%)

- Murid nuliskeun eta kacindekan jadi kalimah topik anu ditempatkeun di awal paragraf.

Perpustakaan sakola kuring pikawatireun.
.....
.....
.....
.....
.....
.....

- Murid nuluykeun nyusun paragraf dumasar kana jawaban-jawaban tina lima pertanyaan nu dijieunna. Unggal pertanyaan dijawab paling saeutik ku hiji jawaban (saperti tadi) atawa bisa leuwih. Ieu jawaban teh dijadikeun kalimah-kalimah pangjentre anu ngarojong kalimah topik.

Upamana,

PERPUSTAKAAN SAKOLA KURING



Perpustakaan sakola kuring pikawatireun. Rek teu pikawatireun kumaha geura urang tingali hiji-hiji. Ukuran rohangan leutik pisan, kira-kira 3x3 meter pasagi. Tempat macana

ngan aya saajar nyaeta opat meja jeung dalapan korsi. Padahal jumlah murid sakola kuring teh pan aya kana 1500 murid. Ditingali jumlah bukuna oge nya kitu. Nyurug cupu jeung kaayaan tempatna. Tempatna heurin; bukuna oge saeutik. Matak pantes lamun buku aya nu nginjeum ku murid sakelas oge, ah da mani corencang. Lamun dagang tea mah meureun geus moal aya nu ngalieuk-ngalieuk acan pikeun meuli dagangan nu aya di jero warung. Ningali lalangitna, aduh mani geregeteun matak hayang las mulas. Dahdir cai urut iris meureun can kaburu dipulas deui. Teuing sabaraha taun sakali perpustakaan sakola kuring dipulasna teh. Eta oge pulas anu tadina bodas ayeuna katingalina teh geus semu koneng bari jeung semu hawuk. Memang henteu ari bocor mah. Hal ieu katingali tina buku nu aya di jero perpustakaan teu katingali baraseuh, atawa dahdiran jiga dina lalangit. Tah kitu kaayaan perpustakaan sakola kuring teh.

Pembentukan Sikap jeung Prilaku (10%)

- Murid dilatih nyieun pertanyaan tina unggal objek samemeh nulis karangan.
Upamana,

LENGKAH-LENGKAH NGARANG

Pertanyaan pokok : “ **Kumaha kaayaan buruan sakola teh ?**”

Eta pertanyaan pokok terus dijawab. Jawabanna jadi kalimah topik.

Jawabanana upamana, “**Buruan sakola kuring pikabetaheun.**”

Pertanyaan tambahan (anu ngajelaskeun/mangrupa seke seler tina pertanyaan pokok tadi).

- 1) Sabaraha ukuran kebon sakola?
- 2) Kumaha kaayaan taneuhna?
- 3) Kumaha kaayaan kembangna?
- 4) Kumaha kaayaan caina?
- 5) Kumaha kaayaan legana eta kebon?

Jawaban tina ieu lima pertanyaan tambahan bakal dijadikeun lima kalimah pangjentre dina paragraf. Ahirna, ngajanggelek hiji paragraf deskripsi, upamana saperti ieu di handap.

KAAYAAN KEBON SAKOLA

Kebon sakola kuring pikabetaheun. Hal ieu bisa dibuktikeun tina kaayaan taneuh, kembang, cai, jeung legana kebon. Taneuhna estu mani gembur. Atuda teu rek gembur kumaha, Mang Haris mah ampir unggal poe ngoyosan kebonna teh. Resep basana teh. Kembangna oge katingalina siga nu betaheun. Di tengah-tengah kebon aya tihang jangkung pisan. Eta tihang teh muter bari nyemprotkeun cai kana sakuriling kebon. Atuh salilana mani matak seger. Lamun diukur, eta kebon teh henteu pati beda jeung legana rohangan kelas mah.

- Waktu nulis, murid dibiasakeun merhatikeun tata cara nulis, saperti tata cara nuliskeun aksara gede dina unggal ngamimitian nulis kalimah, tata cara ngagunakeun tanda baca, jeung saterusna.

Penilaian Formatif (10%)

- Latihan ngajukeun pertanyaan pokok.
- Latihan ngajawab pertanyaan pokok anu engkena dijadikeun kalimah topik.
- Latihan ngajukeun lima pertanyaan tambahan anu ngarojong pertanyaan pokok.
- Latihan ngajawab lima pertanyaan tambahan anu engkena dijadikeun kalimah-kalimah pangjentre dina paragraf.
- Latihan nyusun paragraf deskripsi.

SARANA JEUNG SUMBER DIAJAR

Sarana Pembelajaran :

- | | |
|----------------|---|
| Alat Peraga | : Lingkungan sakola |
| Sumber Belajar | : Kaayaan tempat (rohang kelas, rohang perpustakaan, jeung kaayaan sabudeureun sakola). |

c. PENILAIAN

1. Tes Tertulis

- (1) Latihan nuliskeun pertanyaan pokok.
- (2) Latihan nuliskeun lima pertanyaan tambahan anu ngarojong pertanyaan pokok tadi.
- (3) Latihan ngajawab pertanyaan pokok jeung lima pertanyaan tambahan.
- (4) Latihan nyieun paragraf deskripsi anu diwangun ku hiji kalimah topik (jawaban tina pertanyaan pokok) jeung lima kalimah pangjentre.

Conto soal

- 1) Jieun hiji pertanyaan pokok ngeunaan kaayaan hij patempatan.
 - 2) Jieun lima pertanyaan tambahan anu ngarojong pertanyaan pokok di luhur!
 - 3) Jawab pertanyaan pokok ku susunan kalimah anu lengkep.
 - 4) Jawab 5 pertanyaan tambahan ku susunan kalimah anu lengkep deuih.
 - 5) Jawaban pertanyaan pokok jadikeun kalimah topik sarta jawaban 5 pertanyaan tambahan jadikeun 5 kalimah pangjentre! Susun eta jawaban nepi ka ngajanggelek hiji paragraf anu hade tur bener !
- #### 2. Kinerja Performansi
- Performansi anu dipiharep tina kinerja murid nyaeta :

BAGAN NYIEUN KARANGAN



1 pertanyaan pokok

5 pertanyaan tambahan

1 jawaban pertanyaan pokok

5 jawaban pertanyaan tambahan

Susunan paragraf deskripsi anu diwangun ku hiji kalimah topik (nu mangrupa jawaban tina pertanyaan pokok) jeung 5 kalimah pangjentre (mangrupa 5 jawaban tina 5 pertanyaan tambahan).

Murid dilatih sina nyieun paragraf deskripsi dina buku harianana. Paling saeutik sapoe saparagraf.

5. Portofolio

Guru ngadministrasi penilaian dumasar portofolio, nya eta nyatet jeung nganalisis kamekaran kamampuh kompetensi murid dina diajar.

6. Skala Penilaian Karangan

No.	Aspek nu Dipeunteun	Skor maksimum	Skor Siswa
1.	Eusi gagasan nu diebrehkeun	35	...
2.	Organisasi eusi	25	...
3.	Tata basa	20	...
4.	Gaya: pilihan struktur jeung kabeungharan kecap	15	...
5.	Ejahan	5	...
	JUMLAH	100	...

PABUKON

Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. 2007. *Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*. Bandung: Disdik Provinsi Jawa Barat.

Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Penilaian dalam Pengajaran Bahasa dan Sastra*. Yogyakarta: BPF.

Nurjanah, Nunuy. 2005. "Model pangajaran Nulis pikeun Guru SD jeung SLTP". Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, FPBS UPI.